



Majistra Michelle Wu
Eta Lekòl yo - Jan yo pare pou Livrezon
Madi 28 Oktòb 2025

Bonswa, epi byenveni nan premye konferans sou eta lekòl yo nan Boston!

Mèsi a elèv nou yo paske yo te dirije angajman an, epi mèsi **Omar**, paske ou te reprezante kò elèv nou yo ak Vil nou an byen.

Mèsi, Sipèentandan Skipper ak **Prezidan Robinson**, pou devouman ak lidèchip nou.

Epi mèsi a direktè lekòl yo, **Mesye. (Richard) Chang**, **Mesye. (Stephen) Cirsuolo** (*SEE-ruh-solo*), ak tout kominote Lekòl Segondè Josiah Quincy a pou yo te akeyi nou aswè a.

Pou manm Komite Lekòl Boston an, Konseye Minisipal Boston ak ofisyèl leta yo, Konsèy Konseye Elèv Boston ak Konsèy Paran Lekòl yo—mèsi paske nou te vini aswè a, ak chak jou.

Nou la paske eta lekòl nou yo se eta avni vil nou an.

Nou la pou selebre pwofesè ak asistan enkwayab nou yo, lidè lekòl yo ak moun ki responsab lyezon ak fanmi yo, enfimyè yo ak bibliyotekè yo, konsyèj yo ak konseye yo, chofè otobis yo ak ajan travèsè lari yo, ak tout anplwaye BPS nou yo. Mèsi paske w ap travay chak jou pou konstwi yon demen miyò.

Epi nou isit la aswè a paske Boston se yon vil ki refize rete chita.

Kèlkeswa kote m ale nan Boston—nan sal reyinyon oswa sousòl legliz, reyinyon kominotè, gala, ak lè kafe—kesyon mwen tande pi plis nan men rezidan nou yo se: Ki jan nou ka ede?

Epi repons mwen an se: Rejwenn nou pou kreye opòtinite pou elèv nou yo.

Paske si nou vle Boston tounen yon kay pou tout moun—meyè kote nan peyi a pou elve yon fanmi, dirije yon biznis, epi fè yon diferans—lekòl nou yo dwe pran plas santral nan chak gwo konvèsasyon sou vil nou an.

Kidonk aswè a se yon rasanbleman istorik: Yon apèl a laksyon pou chak sektè nan vil nou an investi nan siksè Boston nan pran angajman pou fanmi nou yo ak avni nou.

Nan sal sa a gen lidè ki soti nan tout sektè biznis, filantwopik, ak sivik Boston...ki soti nan depatman Vil la, asosyasyon katye yo, ak tout 109 Lekòl Piblik Boston yo.

Sal sa a plen aswè a paske nou se yon vil ki la pou elèv nou yo.

Pran yon ti moman epi gade toutotou nan vilaj remakab sa a.

Kounye a, leve tèt ou. Anlè tèt nou, n ap wè zetwal yo—jan yo te ranje jan yo te ye jou bilding sa a te louvri pòt li pou premye fwa otòn pase a.

Se yon omaj ki apwopriye pou pwofondè swen pwofesè nou yo ak wotè atant nou yo.

Antanke majistra, objektif mwen se konekte tout resous nan vil nou an pou fòme yon seri opòtinite, sipò, ak responsablite pou chak elèv nou yo ka briye.

Epi antanke yon manman BPS, mwen detèmine pou m bay rezilta, pa nan ritm abityèl gouvènman an—men avèk ijans timoun nou yo ak fanmi nou yo santi chak jou.

Se poutèt sa, pandan kat dènye ane yo, nou te fè investisman rekò pou bati yon fondasyon solid, amelyore estanda yo, epi kreye yon kilti ekselans.

Lè administrasyon nou an te kòmanse, kominote lekòl yo t ap santi enpak pandemi an, epi te gen senk sipèentandan nan sèt ane.

Sipèentandan Mary Skipper fè plis pase stabilize bato a. Li chanje sitiyasyon an.

Sou lidèchip li, BPS te adopte yon estrateji klè, konsistan, ki baze sou rechèch pou ogmante atant pou elèv nou yo nan tout distri a, epi sipòte edikatè yo nan ede elèv yo satisfè epi depase atant sa yo.

Aprè li te bloke nan 10% lekòl ki pi ba yo nan eta a pandan plis pase yon deseni, BPS te depase 28 lòt distri lekòl nan twa dènye ane yo.

Jodi a, nou ap pèfòme pi byen pase tout dis distri administratè leta yo ki kontwole kòm distri konparab avèk nou yo.

Aprè plizyè ane enstabilite, nou wè pwogrè reyèl ak siyifikatif. Nou poko kote nou ta dwe ye a.

Sa a se Boston, epi nou rejte lide ke lekòl piblik nan vil yo kondane pou fè mwens. Timoun yo nan pi bon sitiyasyon lè politisyen yo voye lajan taks nan lekòl prive. Paske milyadè yo abandone edikasyon piblik, nou menm tou nou ta dwe fè sa.

Boston te yon sib nan tanpèt politik federal la. Yo retire sibvansyon nou yo. Koupe finansman. Menm lè n ap fè tout sa nou kapab pou pwoteje kominote nou yo, n ap gen kèk desizyon difisil pou nou pran.

Kèk ane kap vini yo p ap fasil, men, jan nou konnen: Boston pa fè bak.

Pandan administrasyon Trump la ap eseye demonte edikasyon piblik la pa neglijans ak pa fòs, n ap double efò pou fikse pi wo estanda pou reyisit elèv yo lè nou byen defini detay operasyonèl nan tout distri a.

Otòn sa a, nou te gen pi bon kòmansman ane lekòl ki te janm anrejistre.

Plis bis te rive alè nan mwa Septanm ak Oktòb ane sa a pase tout tan anvan. Yè, 96% nan bis yo te rive a lè.

Kounye a, 96% nan repa lekòl yo prepare lakay yo avèk manje fre, engredyan lokal, ak opsyon meni bon gou, soti nan kalbas butternut ke kiltivatè Massachusetts yo kiltive, rive nan ramen ak empanadas. Epi lè nou ouvri kwizin santral la nan Dorchester mwa pwochen an, 100% lekòl BPS yo pral gen manje ki deja prepare.

Nou amenaje 60 nouvo jaden lekòl nan de dènye ane yo.

Sa gen katran, sèlman 32% nan lekòl BPS yo te gen èkondisyon ki fonksyone. Jodi a, li se 92% e li kontinye ap monte.

N ap mete an plas salklas enklizif, pou elèv miltileng ak elèv ki andikape yo ka aprann toupre lakay yo, nan menm salklas ak kamarad yo—epi nou kreye 16 nouvo pwogram bileng.

Nan kòmansman ane sa a, nou te louvri yon dezyèm kanpis pou Boston Adult Technical Academy ki dedye a fòmasyon nouvo imigran pou yo rantre nan ekonomi nou an. Otòn sa a, nou te lanse NExT—yon pwogram pou ede elèv adilt ki andikape jwenn travay...

Mwa pase a, avèk patnè nou yo nan MSBA a, nou te louvri Lekòl Carter la, yon modèl nasyonal pou edikasyon elèv ki gen andikap siyifikatif.

Epi n ap fè yon investisman jenerasyonèl nan atletik BPS yo, pou timoun Boston ki soti nan tout katye yo ka santi yo lakay yo nan yon estad ki apwopriye pou pwofesyonèl yo.

Nou lanse plis gwo pwojè konstriksyon lekòl nan kat dènye ane yo pase nan 40 ane anvan yo ansanm.

Epi mwen fyè pou m anonse ke pou premye fwa, fanmi yo pa bezwen ale pèsònèlman nan yon sant akèy pou enskri pitit yo lekòl. Kounye a, chak fanmi kapab enskri *sou entènèt*, nan dis lang, nan greatstarts.boston.

Chak ane anba administrasyon nou an, sondaj angajman fanmi BPS nou an ki fèt nan sezon prentan an montre yon ogmantasyon konstan nan satisfaksyon ak sekirite, klima ak akademik lekòl la.

Sa a se yon temwayaj non sèlman pou edikatè yo ak anplwaye ki pran swen timoun nou yo, men tou pou fanmi ki detèmine pou wè yo reyisi.

Madi maten pase a nan East Boston, paran yo te antre nan salklas nan lekòl elemantè Otis la, yo te pran kafe ak patisri sou biwo kote pitit yo te konn chita a.

Anvan Boston te vinn lakay yo... konstelasyon famiyal yo te lonje kò yo toupatou nan El Salvador, Brezil, Lachin, Mawòk (e, wi, menm Nouyòk). Gen kèk ki te edikatè pwofesyonèl.

Gen lòt ki pa t janm aprann li.

Men, yo tout te pran tan anvan travay maten sa a pou reyinyon Ekip Paran-Pwofesè Akademik la.

Aprè pwofesè yo fin egzamine rezilta dènye tès MAP yo, yo distribye sak pou paran yo pote lakay yo:

Anndan te gen lido pou jwèt matematik, lakòl pou kolaj vokabilè, ak defi òtograf pou jwenn mo a...

Materyèl pwofesè chak elèv yo chwazi ak anpil swen, ki fèt pou vize domèn espesifik kote elèv yo te montre plis espas pou amelyorasyon.

Kòt a kòt ak tradiktè yo, paran ak pwofesè yo te pale sou kijan sa ki nan chak sak te kapab ouvri nouvo mond lakay yo.

Diana (*dee-ah-nuh*) se yon manman ki soti Kolonbi ki dirije yon ti biznis nan East Boston. Jou sa yo, lè l mennen pitit li yo nan restoran, olye pou yo mande liv pou kolore ak kreyon koulè, yo mande jwèt matematik yo.

Pou nou yon kay pou tout moun, nou vle di nou enplike *tout moun* ki renmen elèv nou yo. Sa vle di angaje epi defi chak elèv.

Lekòl nou yo ap amelyore paske edikatè nou yo, fanmi nou yo, ak pi gwo enstitisyon nan vil nou an ap bati vilaj ke chak timoun bezwen pou rive nan tout potansyèl yo.

Plizyè douzèn mize ak enstitisyon kiltirèl nou yo ki renome mondyal louvri pòt yo gran pou Jounen Fanmi Boston yo, ak 65,000 vizit gratis e kantite a ap ogmante. Epi otòn sa a, nou te lanse sezon inogirasyon pèfòmans Jounen Fanmi Boston an nan òkès senfoni an, nan balè a, ak nan tout lòt gwo sèn nan vil la.

Mèsi a Boston Children's Hospital, Vertex, Bank of America, John Hancock, Liberty Mutual, State Street, Private Industry Council la, ak anpil lòt patnè antrepriz nou yo...

Ane sa a, plis pase 10,500 jèn te travay nan travay ete ki peye—pi gwo kantite nan listwa vil nou an.

Epi nou fèk lanse yon pwogram travay pandan ane lekòl la tou.

Nou agrandi Boston Pre-K pou l sèvi plis pase 5,000 fanmi, epi nou ajoute pwogram pou pi piti elèv nou yo, tankou leson mizik nan New England Conservatory a.

Pandan kat dènye ane yo, pwogram ak patenarya Vil la te ede prèske 9,000 timoun aprann monte bisiklèt. Nou te anseye prèske 12,000 lòt moun naje, epi nou te elaji espò pou jèn yo nan tout katye...

Gras a patnè nou yo nan Boston After School and Beyond, nou te gen yon rekò 18,000 elèv ki te patisipe nan aprantisaj ete 5yèm trimès ane sa a.

Apati otòn sa a, Enstiti WPS la ap ede nou reimajine 7yèm ak 8yèm ane kòm yon tranplen atiran pou lekòl segondè.

Epi kolèj ak inivèsite nou yo te finanse \$72 milyon dola nan bous detid pou elèv BPS ane pase a.

Sa a se kalite sipò nan tout kominote a ki nesèsè pou bay edikasyon elèv nou yo ak fanmi nou yo merite a.

Epi se sou fondasyon solid sa a, n ap bati yon estrateji akademik inifye, aplike yon fason ki konsistan nan tout lekòl nou yo.

Nan tan lontan, lè kèk elèv te gen difikilte, twò souvan repons lan sete bese atant yo. Pou nou kontante nou ak viktwa fasil olye pou nou pouse chak elèv angaje yo ak kontni ki solid ak nivo klas li.

Men, rechèch la klè: lè nou pwoteje elèv yo kont defi, nou bloke kwasans yo. Lè nou espere mwens, yo delivre mwens.

Kidonk wi—elèv yo pral jwenn sipò. Yo pral pran plezi. Yo pral fè pati de yon kominote.

Epi y ap *defye yo tou.*

Chak elèv ap gen pou fè sa edikatè yo rele "leve bagay lou"

Sa vle di lè ou antre nan nenpòt salklas BPS, olye pou w wè pwofesè ki kanpe bò tablo a ap bay elèv yo leson, w ap wè pwofesè yo

fasilite aprantisaj la pandan *elèv yo* ap fè travay la pou fè leson an avanse:

Elèv yo ap li awotvwa epi ekri refleksyon sou kontni y ap aprann lan; elèv yo ap rezoud pwoblèm matematik ansanm epi diskite sou materyèl la youn ak lòt.

Chanjman an pou yon aprantisaj pratik ak aktif avèk materyèl pedagogik kalite siperyè pa rive pa aksidan. Li gide pa mezi, aliyman, ak responsablite.

Pwofesè yo ak lidè lekòl yo kounye a reyini regilyèman pou revize estrateji ansèyman efikas yo, epi lidè distri yo ak antrenè yo fè obsèvasyon nan salklas la pou bay pwofesè yo fidbak.

Nan lekòl elemantè Winship nan Brighton, antrenè pedagogik tankou **Madanm. Katie Hickey** ede pwofesè yo bay elèv yo pouvwa pou yo ranpli twou vid ki genyen nan aprantisaj youn ak lòt.

Sa gen de semèn, yon maten, elèv twazyèm ane **Madanm Ruhi** (roo-heeze) yo te ranje mozayik kolore pou kalkile sifas la.

Pandan yo t ap travay an ti gwoup, youn nan elèv yo te trase de kote yon kare ak dwèt li pou l te ka ilistre ekwasyon an bay yon kamarad klas: "baz fwa wotè."

Pandan yo t ap ekri repons yo a, zanmi ki te bezwen èd la te vin tounen moun k ap ede a, li

te sonje fòm q-u difisil ki te genyen nan eple mo "kare" a"

Nan koulwa a, pwofesè syans **Mesye Kapura** (*kou-pòv-uh*) te distribye paswa tè bay elèv li yo pou yo te ka klase sediman yo... epi aprann panse tankou syantis.

Anba a, elèv premye ane Winship yo aprann sou biznis lè yo kreye yon mache pòp-up pou rès lekòl la chak prentan—yo mete bank, kafe ak libreri pou kamarad klas yo.

Kominote Winship la ap mete estrateji distri a an pratik.

Y ap ankouraje elèv yo pou yo angaje yo yon fason kreyatif ak materyèl ki gen rapò ak nivo klas yo, ki enpòtan pou kilti a. Epi evalyasyon responsablite leta a montre Winship la te amelyore siksè elèv yo regilyèman pandan twa dènye ane yo.

Nan fen pwochè ane a, objektif nou se pou 100% obsèvasyon lekòl atravè distri a montre ke "gwo travay" ap fèt—sa vle di tout elèv yo ap aprann aktivman nan nivo klas yo, epi elèv ki pare pou avanse pi vit yo gen sipò pou fè sa.

...

Toupatou nan vil la, n ap ogmante nivo a pou opòtinite pou antre nan kolèj ak karyè byen bonè.

Nan Dearborn STEM Academy, lidè lekòl yo, **Madanm Marciano** (*ma-kaw-no*) ak **Mesye Coakley**, deside ke chak elèv bezwen aksè a kou akselere pou prepare pou kolèj.

Jodi a, *chak* elèv nevyèm ane nan Dearborn pran Byoloji AP.

Paske nou konnen lè nou defye elèv yo pou yo pran materyèl nivo kolèj, yo gen plis chans pou yo *ale* nan kolèj—epi reyisi la.

Epi, gras a patenarya avèk Franklin Cummings Tech, Roxbury Community College, Wentworth, Bunker Hill Community College, ak UMass Boston, n ap ofri plis opòtinite pou jwenn kredi inivèsité pase tout tan anvan.

An 2022, se sèlman 179 elèv lekòl segondè ki te pran kou inivèsité nan BPS. Ane pase, chif sa a te ogmante rive nan *790*. Ane sa a, jiskaprezan, li gen plis pase mil desan.

Depi 2019, Boston te wè yon pi gwo ogmantasyon nan elèv k ap pran kou AP pase prèske tout lòt vil ameriken yo.

An 2025, elèv nou yo te pran prèske 7,500 egzamen AP—epi yo te jwenn yon twa oswa plis nan plis pase de tyè ladan yo.

Sa se yon ogmantasyon nèf pwen nan yon sèl ane—epi pi bon pèfòmans nan egzamen AP nan listwa vil nou an.

Nou rive la lè nou ajoute devlopman pwofesyonèl espesifik pou AP pou pwofesè yo, epi lè nou ajoute prerequisites pou elèv yo ka prepare pou kou AP yo.

Men, AP yo pa sèl fason pou ajoute rigè.

Jèn nou yo pase sèlman 20% nan lè yo reveye nan salklas la.

Nou konnen jounen an pa fini a 3è aprèmidi pou timoun yo, oswa pou fanmi k ap travay yo—kidonk n ap asire elèv yo gen opòtinite pou yo defi anvan *e* apre klòch la sonnen.

Kounye a, 17% nan lekòl nou yo pa gen opsyon pwogram anvan ak apre lekòl.

Epi nan 83% lekòl ki fè sa, gen kèk paran ki toujou pa ka jwenn aksè a sipò esansyèl sa yo paske pwogram yo pa aksepte bon leta—oswa yo pa gen ase plas.

Sa bezwen chanje.

Aswè a, m ap anonse yon objektif pou tout vil la:

Pou bay pwogramasyon anvan ak apre lekòl ki anrichi ak kalite siperyè nan chak lekòl BPS, ki disponib e aksesib pou chak fanmi BPS.

N ap kòmanse ak nouvo pwogram nan 20 lekòl sant kominotè nou yo. Mèsi a Sendika Pwofesè Boston an, YMCA a, United Way la, ak Fondasyon Fanmi Lubin nan pou sipò kontinyèl nou an.

Epi n ap fè l senp: Si ou kalifye pou yon bon, ou ka itilize li nan lekòl pitit ou a ale a.

Nan mwa Mas, mwen te pataje ke nou t apral pote matematik avanse nan pwogram apre lekòl nou yo ak nan salklas nou yo.

Aswè a, mwen kontan anonse lansman Wicked Math—yon nouvo patenarya avèk EdVestors, The Young People's Project, ak The Calculus Project pou kòmanse klèb matematik avanse, ranfòse chemen matematik yo, epi fòme elèv premye ak dènye ane lekòl segondè pou bay elèv lekòl presegondè leson patikilye.

N ap kreye yon kilti ekselans nan BPS, bati sou yon fondasyon solid epi fòme pa patenarya ki konekte jèn yo toupatou nan Boston:

Nonmen yon lòt vil kote chak jèn moun gen garanti pou jwenn yon travay peye pandan ete a.

Nonmen yon lòt vil k ap kreye chemen garanti soti nan lekòl segondè pou rive nan karyè nan domèn sante avèk yon patnè tankou Mass General Brigham.

Bay non yon lòt vil k ap asosye avèk plizyè douzèn enstitisyon kiltirèl pou chak timoun ak fanmi yo gen aksè lib a espas ki reveye kiryozye ak admirasyon.

Pa gen okenn kominote sou latè ki goumen pi rèd pou lavni nou konnen pitit nou yo merite a.

Epi nou bezwen èd ou pou nou fè plis toujou.

Se poutèt sa, m ap bay ekip Patenarya nou an nan Biwo Majistra a, ak nan BPS, enstriksyon pou pouswiv yon nouvo seri kolaborasyon ak objektif pou enskri tout enstitisyon enpòtan nan vil la.

Vin patnè avèk nou pou investi nan timoun nou yo. Vin jwenn nou pou nou bati plis chemen karyè, plis opsyon pou ale nan inivèsite byen bonè, ak plis opòtinite apre lekòl.

Chak lekòl BPS bezwen patnè solid.

Biznis, laboratwa, kolèj, ak lopital—ki ede elèv nou yo aprann, epi mete aprantisaj sa a an pratik.

Vin konnen lidè lekòl nou yo ak elèv yo atravè pwogram Patnè Prensipal yo nan dat 12 novanm nan.

Vin volontè sezon ivè ak prentan sa a. Patisipe nan Fwa Travay pou Jèn nou an nan mwa avril la. Epi anboche elèv BPS kòm estajyè ete sa a.

Nan vil chanpyon yo—nan kote edikasyon piblik la te fèt—rele Boston lakay ou vle di fè pati vilaj *sa a*.

Epi sa vle di ede nou leve pwochen jenerasyon lidè nou yo.

Mwens pase yon mil soti isit la, Boston te louvri premye lekòl piblik nan Amerik la.

Nan yon epòk kote lekòl te rezève pou moun rich yo...

Lè edikasyon jèn yo te konsidere kòm yon chwa pou chak fanmi, pa yon responsablite sivik...

Boston transfòme edikasyon soti nan yon zouti pou prezève pouvwa pou vin tounen yon zouti pou pataje li.

Se yon chwa nou kontinye fè chak jou...

Pou fè tout sa ki nesèse pou bay *chak* jèn nou yo konpetans yo bezwen pou konstwi yon avni ki klere pi byen pou nou tout.

Lakay mwen, nan kwizin mwen an, yon bò ankadreman pòt la make pasaj tan timoun nan.

Chak kèk mwa depi yo te ka kanpe pou premye fwa, tigason m yo peze talon yo kont miray la epi yo kanpe dwat pandan Conor avè m ap fè yon nouvo pwogrè.

Aprè sa, yo fè yon pa dèyè pou yo souri pandan n ap pran yon souf: yon lòt pous deja!

Premye mak Blaise la kounye a desann bò ranch li. Cass ap ratrape vit. A nèt mwa, Mira te fèk fè premye mak li.

Mwen konnen yon jou m ap bat je m epi m ap kanpe nan kwizin *yo* ap gade yo bouch

ouvè pou wè jan pitit *yo* yo grandi vit.

Fanmi nou yo pa ka tann pou lekòl nou yo ratrape yo; nou konnen jan avni nou ap grandi vit.

Nou se sistèm lekòl piblik ki pi ansyen nan peyi a. Epi, ansanm, li lè pou nou fè l pi bon an posib.

Mèsi paske se vilaj la k ap fè travay sa a avèk nou.

###